



## Kisa depistaj an kaskad la ye?

Depistaj an kaskad itilize pou maladi jenetik pou verifye si lòt manm fanmi an ka gen menm risk la tou. Risk la ka diferan pou chak maladi jenetik ak fason li transmèt.



## Poukisa Depistaj An Kaskad Enpòtan?

- **Detekte risk bonè:** Idantifye maladi ereditè anvan sentòm yo parèt.
- **Gid prevansyon:** Ankouraje pran mezi bonè pou pwoteje sante alontèm
- **Responsabilize fanmi:** Ede fanmi yo konprann risk yo pataje epi pran desizyon ansanm ki byen enfòmè.

## Kijan Depistaj An Kaskad Ede Ak Lp(a)?

Yon Lp(a) ki wo se yon faktè risk ki prensipalman detèmine jenetikman pou maladi kè ak estwòk. **Depistaj An Kaskad ede idantifye nivo ki wo lakay manm pwòch fanmi, tankou paran, frè ak sè, ak pitit.** Lè manm fanmi yo konnen nivo yo bonè, yo ka pran mezi pou diminye risk yo.

## Kisa Mwen Ta Dwe Fè Apre Sa?

### 1 Fè tès Lp(a)

Direktiv aktyèl yo rekòmande pou **chak granmoun fè yon tès Lp(a) omwen yon fwa nan lavi yo.** Yon tès kolestewòl estanda pa gen ladan tès sa a. Mande doktè ou a pou yon senp tès san Lp(a) pou dekouvri nivo ou a.

### 2 Pran Dè Mezi Si Nivo Lp(a) Ou a Wo

Si nivo ou wo, paran ou, frè ak sè ou, oswa pitit ou ka genyen nivo ki wo tou. Fè yo konnen pou yo ka fè tès la. Doktè ou a ka eksplike sa nivo ou vle di epi kijan ou menm ak fanmi ou ka diminye risk pou maladi kè ak estwòk.